मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु वाराणसी के शिवपुर में कंपोजिट विद्यालय से प्रदेस भर के स्कूलन बदे **स्कूल चलो अभियान** क सुभारंभ कइलें। येह मौका पर उहां के स्कूली लइकन के ओर से लगावल गइल कई तरह के मॉडलन क निरीक्षणो कइलीं अउर ओनकर येह प्रतिभा क उत्साह बढ़वली। उहां के जिला के पांच गो निपुण विद्यालय, पांच गो निपुण लइकन आ पांच गो नया दाखिला करावे वाले लइकन के सम्मानितो कइलीं। कार्यक्रम में अपने संबोधन में मुख्यमंत्री कहलें–

**उत्तर प्रदेश में हम स्कूली शिक्षा पर अस्सी हजार करोड़ रूपये से अधिक की धनराशि खर्च करते हैं। अस्सी हजार करोड़ रूपये इसका रिजल्ट आना चाहिए। ये पैसा इसलिए दिया जाता है कि इससे परिणाम सामने आए और परिणाम के वाहक आप शिक्षण गण हैं बेसिक शिक्षा विभाग के अधिकारीगण हैं। आपने मेहनत की सरकार आपके साथ खड़ी है। आपने देखा होगा जहां कस्तूरबा गांधी विद्यालय नही थे वहां पर उस ब्लाक में भी कस्तूरबा गांधी विद्यालय के लिए हमने बजट में पैसा दे दिया।**

मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला सरकार में सिक्षा पर कउनो धियान नाही दिहल जात रहे अउर खाली नकल करे क बात कइल जात रहे। उहां के कहलीं कि बरिस दुइ हजार सतरह के बाद से उनके सरकार में सबसे जियादे धियान लइकन के सिक्षो पर दिहल जा रहल हौ येही नाते आजु सरकारी विद्यालय में पढ़े वाला लइकन क संख्या बढि गइल बा। कार्यक्रम में प्रदेस क बेसिक शिक्षा राज्य मंत्री संदीप सिंह, बेसिक शिक्षा विभाग के कार्यन क पुरहर ब्यौरा दिहलें। **स्कूल चलो अभियान** क सुभारंभ कइले से पहिले मुख्यमंत्री वाराणसी में काशी क कोतवाल काल भैरव अउर बाबा विश्वनाथ क दरसन–पूजन कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने संझा गोरखपुर के घंटाघर में महानगर के दूसरका बहुमंजिला पार्किंग कॉम्प्लेक्स क लोकार्पण करिहें। एके बनवले पर सत्ताइस करोड़ छब्बीस लाख रुपिया खरचा भइल हवे। मुख्यमंत्री नगर निगम की ओरि से करावल गइल घंटाघर के सुन्दरीकरण कार क लोकार्पण कइले के सथहीं चौंतीस करोड़ तैंतालीस लाख रुपिया के लागत से पांडेयहाता में बने वाला नया कमर्शियल कॉम्प्लेक्स क नइयो धरिहें।

**********

उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य अपने प्रयागराज दौरा के दूसरा दिन्ने आजु सर्किट हाउस में अधिकरियन के साथे विकास कार्यन के लेके समीक्षा बइठकी अउर पारटी कार्यकर्ता लोगिन से मुलाकाति कइलें। येह मौका पर उहां के आम लोगिन क समेस्यो सुनलीं। प्रयागराज में मीडिया से बतियावत उप मुख्यमंत्री सपा मुखिया अखिलेश यादव पर निसाना साधत कहलें कि अखिलेश यादव सत्ता में रहत विकास नाही कइलें, येहि नाते दुई हजार सत्रह में प्रदेस क जनता उन्हें सत्ता से बहरे कइ दिहलसि।

**********

भारतीय झंडा वाला एलपीजी टैंकर, ग्रीन सानवी युद्धग्रस्त होर्मुज जलडमरू–मध्य के सुरक्षित तरिका से पार कइ के देस आ रहल हौ। सरकारी सूत्रन के हिसाबि से पश्चिम एशिया संघर्ष के बिच्चे होर्मुज जलडमरू–मध्य के पार करे वाला ई सातवां भारतीय एलपीजी टैंकर हौ। पश्चिमी फारस के खाड़ी क्षेत्र में येह समय कुलि सतरह गो भारतीय झंडा वाला जहाजि में चारि सौ से बेसी भारतीय नाविक सवार हवें। अबले खाड़ी क्षेत्र से एक हजार एक सौ तीस से बेसी भारतीय नाविकन के सुरक्षित देस वापसी हो चुकल बा।

**********

प्रदेस के पॉलिटेक्निक संस्थानन में प्रवेस बदे संयुक्त प्रवेश परीक्षा परिषद क वेबसाइट से तीस अप्रैल ले ऑनलाइन आवेदन कइल जा सकेला। राज्य में सरकारी, सहायता प्राप्त अउर निजी संस्थानन में पॉलिटेक्निक क कुल दुइ लाख चौवालीस हजार नौ सौ बहत्तर सीटिनि बदे पनरह मई से बाइस मई ले ऑनलाइन प्रवेस परीक्षा होई।

**********

उत्तर प्रदेस पुलिस पाकिस्तान क आईएसआई से जुड़ल आतंकी मॉड्यूल क चारि गो संदिग्ध सदस्य के लखनऊ से गिरफ्तार कइले हवे। एगो रिपोर्ट–

***पुलिस के आतंकवाद निरोधी दस्ते के अनुसार, मेरठ निवासी साकिब उर्फ डेविड और अरबाब तथा गौतम बुद्ध नगर निवासी विकास गहलावत और लोकेश को कल गिरफ्तार किया गया। आरोप है कि इस मॉड्यूल ने रेलवे सिग्नल बॉक्स, भीड़भाड़ वाली जगहों, गैस सिलेंडरों से लदे वाहनों और प्रतिष्ठित संगठनों के परिसरों में विस्फोट करके दहशत फैलाने की योजना बनाई थी और उनका पहला निशाना लखनऊ रेलवे स्टेशन था। साकिब, जोकि एक नाई के रूप में काम करता था, इस गिरोह का सरगना था और वह सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म के माध्यम से अपने पाकिस्तानी एंडलर के संपर्क में था। सुशील चन्द्र तिवारी, आकाशवाणी समाचार, लखनऊ।***

**********

प्रदेस में काल्ही से तेज बेयारी चलले अउर कई जगहिन पर हल्लुकाहे बरखा क सिलसिला अजुओ जारी रहल। काल्ही राति कुछु जिला में ओला परल जबकि चित्रकूट, बनारस, भदोही अउर ललितपुर में बरखा के साथे बिजुलियो गिरल। आजु प्रदेस के पूरबी हिस्सा में मध्यम से तेज बेयारी चलले के सथहीं असमान में बदरी छवले रहल। मौसम विभाग राज्य के पूरबी अउर पश्चिमी जिलन में बिहने कुछु जगहीन पर गरज–चमकि के साथे बौछार पड़ले क आगम जतवले बा।

**********